

NEW YORK CITY
BIWO ADMINISTRATIF PWOSE AK ODYANS
SANT REZOLISYON KONFLI KREYATIF

Rezolisyon Konfli:
Solisyon Manda Vaksinasyon New York City an

PREZANTASYON SEMINE ANLIY

Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New

York City an

PREZANTE:

Halley Anolik, Direktè Edikasyon ak Fòmasyon

Justo Sanchez, Direktè Sèvis

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2

Mesye JUSTO SANCHEZ: Bonjour, tout moun.

3

Nou swete nou tout byen. Byenvini nan prezantasyon

4

jodia, Rezolisyon konfli: Solisyon Manda Vaksinasyon

5

New York City an, Sant Rezolisyon Konfli Kreyatif la

6

ap prezante nan Biwo Administratif Pwosè ak Odyans

7

la.

8

Pou nou kòmanse, prezantatè nan seminè

9

anliy yo se mwen menm, Justo Sanchez. Mwen ap la

10

antanke Direktè Sèvis nan Sant lan.

11

Madam HALLEY ANOLIK: Bonjour. Mwen se

12

Halley Anolik. Mwen se Direktè Ediksyon ak Fòmasyon

13

nan Sant lan.

14

Mesye SANCHEZ: Sant Rezolisyon Konfli

15

Kreyatif OATH la se resous santral gouvènman New York

16

City an nan kad rezolisyon konfli ak pratik

17

reparasyon. Nan Sant lan, nou ofri yon dividal sèvis

18

pou sipòte gouvènman Vil la ak ajans li yo nan evite

19

epi jere konfli nan fason ki pozitif. Yo te envite

20

nou pou prezante kèk zouti rezolisyon konfli ki kapab

21

ede tout bon lè gen entèyaksyon ak kliyan yo, sitou

22

nan kad nouvo manda an ki egzije prèv vaksinasyon

23

COVID-19 pou enstalasyon amizman anndan batiman yo,

24

rekreyasyon, manje ak espò yo.

25

Premyèman nou vle rekonèt anpil nan nou te

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 deja nan lanati ap fè travay la, fè chanjman ki
3 nesesè pou kontinye fè antrepriz nou yo fonksyone nan
4 yon fason ki sekirize epi legal. Kidonk, mwen
5 imagine chanjman ak konfli te yon pati konstan, ki pa
6 ka pa rive nan pwosesis la epi eksperyans pa w nan
7 yon pòs kontak ak kliyan oswa ak piblik la te sèvi ou
8 byen nan travay ak sitiyasyon difisil yo.

9 Sa nou planifye fè jounen jodia se ofri
10 mwayen adisyonèl pou ajoute sou sa ou te deja ap byen
11 fè an. Nou pral pataje kèk zouti byen senp, bagay
12 nou tout kapab fè pou evite konfli danjere rive fèt.
13 Nou te divize fòmasyon sa nan kat pati. Premyèman,
14 nou pral kòmanse egzamine ki kapasite rezistans entèn
15 ou genyen pou apiye sou li nan objektif pou itilize
16 volonte w pou jere konfli pase pou w reyaji ak yo.
17 Nou ap tou pwofite pale sou zouti moman yo. Sa yo se
18 bagay nou kapab fè pou evite konfli yo dejenere. Men
19 lè yon entèyaksyon dejenere, nou pral gade opsyon nou
20 kapab konte sou yo nan moman an pou jere epi anpeche
21 entèyaksyon an dejenere. Pwen santral nan mitan tout
22 segman sa yo se bay sekirite w premye priyorite.
23 Kidonk pa janm ezite rele 911 pou yo asiste w, si ou
24 bezwen sa.

25 Moman konfli yo difisil. Sa kapab sanble

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 yon bagay ki natirèl, men konfyans nan tèt ou se kle
3 pou byen jere moman difikilte yo epi travèse
4 sitiyaasyon difisil yo nan fason ki pi bon yo. Si ou
5 reflechi sou eksperyans ou viv pou tèt pa w yo, ou
6 pral asepte konfli se yon pati nòminal nan lavi an menm
7 si sa parèt dwòl. Se bagay ki souvan rive. Epi menm
8 si ou kapab oswa pa kapab parèt nan pi bon fason yo
9 tout tan, ou gen kapasite pou travèse sitiyaasyon ak
10 diyite epi siksè. Ou te fè l deja; ou kapab fè l
11 ankò.

12 Kidonk premye bagay nou kapab fè lè nou ap
13 rantre nan yon sitiyaasyon konfli se konfyans nan tèt
14 ou, kapasite pou rekonèt, nan moman an, sitiyaasyon y
15 ap pale an gen yon enpak sou ou. Ou pa ta renmen
16 inyore sa a. Ou vle kalme emosyon ou pou ou kapab
17 pèmèt enèji ou yo konsantre sou rezolisyon sitiyaasyon
18 ki parèt devan ou epi rezoud li, pase pou ou reyaji
19 sou li sèlman.

20 Kò w ba ou siyal lè ou nan detrès. Souvan
21 fwa, lè yon bagay gen yon enpak sou nou, batman kè
22 nou ogmante, arebò figi nou vin wouj. Tout bagay vin
23 parèt ap fèmen sou nou. Misk nou yo sere. Kèk fwa,
24 vizyon nou vin pa klè epi nou kapab gen difikilte pou
25 respire. Antre an kontak ak reyaksyon fizik sa ki

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 nan kò w yo se premye etap la nan pwosesis pou sòti
3 nan eta emosyon an. Lè ou idantifye yo, men kèk
4 bagay ou kapab fè.

5 Premye bagay la se pran yon poz. Idantifye
6 siyal kò an voye yo epi sonje pou respire. Ou vle
7 ralanti epi kreye espas nesèsè pou pa reyaji. Pou
8 mwen, respirasyon volontè an se pon pou regilarize
9 sistèm lan, sitou nan moman estrès. Se yon sèl bagay
10 nou tout kapab fè pou ede nou pa reyaji nan yon
11 anviwònman goumen oswa kouri sove, men nan yon
12 sitiyasyon konsyans ak kontwòl tèt nou.

13 Lòt bagay ou kapab fè se ouvè epi fèmen
14 dwèt ak zòtèy ou yo. Sa pèmèt ou sansibilize kò w.
15 Rete kanpe dwat, detire kolòn vètebral ou, epi fè si
16 ou byen respire. Si ou bezwen sa, konsantre sou
17 moman ou ap enspire epi ekspire yo. Kèk fwa nou
18 sèlman bezwen deplase, mete tèt nou klè, pran yon vè
19 dlo. Sa yo se aksyon ki senp ou kapab pran lòt moun
20 ka pa fasil remake, men ki fè travay sikilasyon san
21 ou, fè lè antre nan sistèm ou, nan sèvo w, epi, pou
22 pote rezilta ki se, kalme nanm ou pou ou kapab reyaji
23 nan kalm ak konfyans epi pa reyaji nan yon eta estrès
24 ak dout.

25 Kounyea mwen ap bay Halley pale avèk nou.

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 Madam ANOLIK: Mèsi anpil, Justo. Justo te
 3 pataje enpòtans pou kòmanse ak tèt ou. Kounyea, ann
 4 pale sou prevansyon, kijan pou abòde epi kominike ak
 5 lòt moun nan fason ki redui enpak negatif konfli
 6 genyen yo. Pi bon fason pou evite yon derapaj oswa
 7 yon konfli se pou w klè nan kominikasyon ak ton an
 8 depi nan kòmansman an. Sa kapab gen ladan li afiche
 9 pano siyalizasyon ki klè nan espas ou yo oswa mete
 10 sit wèb ou yo a jou gras ak yon langaj ki senp epi
 11 klè konsènan règleman yo. Itilize yon apwòch ki
 12 senp, klè, epi gen yon ton pozitif lè ou ap pale ak
 13 kliyan ou yo. Se yon apwòch ki mande yon langaj kò
 14 ki pozitif, kontak vizyèl, toujou sonje ki ton w ap
 15 itilize epi chèche kominike yon santiman chalè ak
 16 zanmitay.

17 Konstwi relasyon dinamik ak kliyan yo se
 18 yon lòt fason pou evite konfli. Li pi fasil pou jere
 19 konvèsasyon ki difisil ak moun nou gen bon relasyon
 20 ak yo. Sa vle di prezante tèt ou, mande kliyan yo
 21 non yo epi kreye yon koneksyon anvan ou pataje nouvo
 22 règleman yo nan yon fason ki klè.

23 Pou fini, toujou sonje nan ki kontèks ak
 24 sityasyon konvèsasyon sa yo te fèt, ki souvan fwa se
 25 nan espas ki plen moun oswa piblik tankou antre yo.

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 Pa egzanp, fè si genyen yon pano siyalizasyon ki
3 vizib epi toujou sonje pou pran yon poz anvan
4 entèyaksyon yo, paske, lè gen chanjman, souvan genyen
5 estrès. Preparasyon pou konvèsasyon difisil ede nan
6 pi byen jere epi pi byen reyaji.

7 Idantifye rapid vit siy yon sitiyasyon ki
8 ap dejenere se yon lòt fason pou evite yon sitiyasyon
9 vin twòp pou jere. Kidonk siy yon derapaj gen ladan
10 yo: Tansyon misk yo; aksyon sere pwen oswa sere ak
11 desere machwè an; yon chanjman britsoukou nan langaj
12 kò an, tankou kontak vizyèl pandan konvèsasyon an;
13 mache oswa mouvman tèt san kanpe; pozisyon kòk la,
14 pwatrin lan ki tire plis sou devan ak bra yo ki ap
15 depase kò an; ak konpòtman deranjan, tankou rele,
16 entimide epi refize aplike règ yo.

17 Toujou sonje siy pa w yo. Yo souvan parèt
18 sou kò w anvan yo fè sèvo w rekonèt kilè yon konfli
19 ap dejenere. Yon lòt fwa ankò, kòmanse ak yon
20 otoverifikasyon epi fè sa ki nesèsè pou soulaje
21 sistèm ou. Pa bliye, ou toujou kapab deplase kite
22 yon sitiyasyon oswa jwenn yon lòt moun pou ede w si w
23 santi sitiyasyon depase w oswa w kapab pèdi kontwòl
24 li.

25 Kidonk, si ou remake sa, majorite nan siy

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 ki te nan dènve prezantasyon an pa t vèbal (san
3 pale). Kominikasyon san pale yo souvan gen plis
4 enpak pase mo nou ap itilize yo. An reyalite, mo yo
5 konte pou 7% enpak mesaj nou yo genyen yo. Ton vwa
6 nou, vitès nou ap pale an, langaj kò nou, kontak
7 vizyèl nou, distans ki separe nou ak lòt moun yo
8 pandan nou ap pale ak yo gen plis enpòtans. Kidonk,
9 se pa sa ou di yo, men se kijan ou di yo. Endis
10 kominikasyon san pale yo ranfòse yon premye
11 enpresyon, epi enpresyon yo souvan fòme nan espas kat
12 segonn apre kontak la.

13 Toujou sonje faktè mask la. Ou ka pa kapab
14 wè tout ekspresyon vizaj yon moun epi li kapab
15 difisil pou yo wè tout pa w yo. Mask la kapab kanpe
16 anpeche yon moun detekte endis kominikasyon san pale
17 nou yo.

18 New York se vil ki pi divèsifye ki gen mond
19 lan. Kidonk nan New York sitou, li enpòtan pou sonje
20 kominikasyon se yon bagay ki gen pou wè ak kilti, sa
21 ki vle di, dapre fòm ak preferans kiltirèl nou yo,
22 fason moun yo kominike kapab varye anpil. Pa
23 egzanp, nan kèk kilti moun yo itilize anpil jès ak
24 men oswa pale ak ton ki anime epi ki gen anpil
25 ekspresyon, pandan gen lòt ki kapab kominike menm

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 bagay yo ak mwens ekspresyon oswa nna fason ki fè
3 mwens bri. Epi ankò kontak vizyèl la kapab, lakay
4 kèk lòt moun reprezante yon siy respè epi lakay kèk
5 lòt yo konsidere li antanke yon kominikasyon agresif
6 oswa ki pa dezirab. Nan kèk kilti, moun yo di
7 egzaktaman sa ki nan lespri yo epi gen lòt kilti ki
8 kapab konsidere sa tankou yon bagay ki grav. Kèk fwa
9 se moun ki ap koute an ki genyen pou li chèche
10 konprann sa lòt la ap di. Kidonk, sa ki pi enpòtan
11 an se konnen diferans yo, toujou sonje fason pou
12 kominike yo epi ouvè nanm ou epi vin sansib ak plizyè
13 fason moun kapab prezante tèt yo.

14 Kidonk, si premye etap la se egzamine
15 reyaksyon entèn ou yo epi apre sa fè sa ou kapab pou
16 evite konfli nan fè chwa volontè an avans, genyen kèk
17 zouti ou kapab itilize nan moman an lè gen yon
18 konfli. Premye sa nou ta renmen pataje an se koute
19 pou konprann. Se youn nan konsèy angajman ki pi
20 enpòtan epi li se souvan sèl konsèy nou tout gen
21 tandans neglije.

22 Yon moun ki ap byen ekspri tèt li oswa
23 plis pase yon fwa ap fè sa nan objektif pou yo tande
24 oswa konprann li. Kidonk kite moun yo konnen ou
25 konprann sa nan yon fason ki klè, fè yo tande sa a.

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 Sa kapab ede anpil nan kalme tansyon ki gen nan
3 konvèsasyon an.

4 An kontradiksyon, youn nan pi bon fason pou
5 kalme yon moman tansyon se fè apèl ak eksperyans moun
6 k ap pale an. Kidonk koute pou konprann lan siyifi
7 konsantre sou kisa eksperyans moun k ap pale an ye
8 epi fè yo konnen ou konprann pandan ou ap pwojte
9 eksperyans yo an bay yo an retou. Nan premye etap
10 sa, rete lwen deba ak pwopozisyon solisyon oswa pataj
11 konpreyansyon w. Pa egzanp, imajine, apre ou fin
12 pataje nouvo règleman vaksinasyon an, yon konsomatè
13 vin jwenn ou epi di, "Èske se nan betiz w ap pase m
14 ak règleman sa? Mwen te toujou ap vin la epi ou pa t
15 janm mande prèv vaksinasyon. Ou pral pèdi yon kliyan
16 si ou kontinye ensiste pou fè respekte règleman sa
17 a." Apre yon bon ti respirasyon, youn nan bagay ou
18 kapab fè se pataje konpreyansyon w sou sa moun k ap
19 pale an ap di. Pa egzanp, "Ta sanble ou pa kontan
20 pou règleman sa, espesyalman paske li diferan ak jan
21 sa te konn ye isit la. Èske se pou sa?" Apre yon
22 moun fin konfime w ou konprann sitiyasyon an, genyen
23 kèk opsyon. Ou pa bezwen kanpe sa apre ou fin
24 konprann, men kapasite pou konprann lan souvan
25 enpòtan epi li ede konvèsasyon an pwogrese epi kalme.

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 Kidonk, pou pi klè, anvan ou pataje lide w oswa jan w
3 konprann bagay yo, fè si moun yo santi ou konprann sa
4 yo di, santi oswa bezwen nan moman sa.

5 Epi ou dwe kapab rekonèt santiman yo tou.

6 Lè ou rekonèt santiman yon lòt moun, nan nenpòt fason
7 santiman sa yo pa ta agreyab, ou kapab kalme ton
8 konvèsasyon an. Se paske santiman ou yo toujou
9 prezan, epi lè pèsòn vin pa kapab detekte yo nan yon
10 konfli, yo kapab vin pi enpòtan ak ijan. Site
11 santiman yon lòt moun oswa entegre yon santiman nan
12 ton vwa w sèvi nan rekonèt eksperyans moun sa.
13 Poutèt pa l, li kapab yon mwayen pou jere yon
14 sitiyasyon difisil epi li ka mennen nan yon
15 entèyaksyon ki bay plis satisfaksyon.

16 Santiman yo ba nou enfòmasyon tou konsènan
17 sa ki enpòtan pou moun oswa sa motivasyon moun yo gen
18 anndan kè yo ak bezwen menm moun sa yo ye. Si nou
19 enterese ak bezwen kache sa yo, sa kapab itil nan
20 rezolisyon yon echanj difisil. Règleman vaksinasyon
21 an reponn ak bezwen moun genyen nan kad libète,
22 libète sivil ak sekirite. Lè nou ka konprann bezwen
23 lòt moun yo, se ap sèl fason pou konstwi konpasyon ak
24 koneksyon.

25 Epi sa mennen nou nan pwochen zouti an,

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 konpasyon. Pou pi klè, konpasyon pèmèt ou mete tèt
3 ou nan plas yon lòt moun. Sa vle di pran yon moman
4 pou reflechi sou rezon ki fè yo kapab santi yo jan yo
5 santi yo an epi poukisa pwoblèm lan enpòtan pou yo.
6 Genyen konpasyon pou yon lòt moun yon fason ki vèbal
7 kapab rekonèt epi valide eksperyans yo an, menm si li
8 diferan ak pa w la.

9 Kidonk, men yon egzanp pou ede w konstwi
10 konpasyon ak sa ki ap ba w difikilte nan kad nouvo
11 règleman vaksinasyon an. Mwen t ap renmen ankouraje
12 w pou w reflechi san jijman, sou kesyon ki pi ba yo.
13 Kisa k fè yon moun kapab pa dakò ak règleman
14 vaksinasyon an? Kisa ki ka fè yon moun pa mache ak
15 prèv vaksinasyon yo nan men yo? Ki jan sa kapab gen
16 enpak sou yon moun si yo ta rive deranje yo nan fason
17 sa? Epi kisa ki ka fè yon moun pa vle pran vaksen
18 an? Mwen ta imajine kèlkeswa w asepte oswa pa asepte
19 repons ki pase nan tèt ou yo, ou kapab konprann nan
20 yon nivo, rezon ki fè bagay sa yo kapab enpòtan pou
21 yon moun, e se sa konpasyon ye. Sa pa vle di ou dakò
22 ak sa yon lòt moun ap fè, men sa vle di konprann ki
23 rezon ki fè y ap fè sa.

24 Yon lòt zouti ki senp epi efikas pou
25 itilize nan moman an se poze kesyon. Nou tout

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 jeneralman pi renmen yo mande pase yo di nou yon
3 bagay. Kèk fwa ou kapab sèlman repete sa ou souvan
4 di antanke deklarasyon. Kidonk, pa egzanp, si yon
5 moun ap fè derespektan ak ou, olye w di l li pa ka ap
6 fè w sa, eseye repete li sa atravè yon kesyon. Kisa
7 w ta renmen mwen konnen? Oswa fòme kesyon ak
8 pèmisyon. Mande pèmisyon epi fè yon moun di wi kapab
9 pèmèt gen yon poz nan yon konvèsasyon. Kidonk olye w
10 di mwen oblije koupe pawòl ou pou di w nouvo règleman
11 vaksinasyon yo, ou kapab repete li nan fason sa.

12 "Èske sa deranje si mwen koupe pawòl ou? Mwen ta
13 renmen fè si ou genyen bon enfòmasyon konsènan kijan
14 espas nou an fonksyone nan respekte prensip yo."

15 Pou fini, prezante opsyon yo lè sa posib.
16 Olye ou di se sèl opsyon ou genyen, ou kapab repete
17 fraz la nan fason sa, "Ebyen, mwen p ap ka fè w chita
18 anndan an. Mwen kapab fè w chita deyò oswa rezève
19 yon plas pou ou yon lòt lè depi w gen prèv
20 vaksinasyon an. Ki sa ki ap pi bon pou ou?"

21 Epi, sa yo se kèk zouti anplis pou w genyen
22 an rezèv. Silans. Kèk fwa, kite moun yo degaje
23 konsyans yo se yon bagay ki kapab itil. Epi, si ou
24 nan nesosite pou koupe pawòl moun lan, fè l nan
25 objektif pou konprann oswa poze yon kesyon olye ou di

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 yon moun sa pou l fè oswa kisa k fè yo pa gen rezon.
3 Antant. Antant se kote ou kapab jwenn laverite nan
4 deklarasyon yon lòt moun. Sa kapab elimine
5 rezistans. Ou p ap valide yon konpòtman ou pa dakò
6 ak li, ou sèlman kapab wè verite ou kapab jwenn nan
7 sa yo te di yo. Yon egzanp byen senp kapab se, "Mwen
8 dakò sa se yon gwo chanjman pa rapò ak jan sa te konn
9 ye anvan sa." Ou kapab itilize ekskiz tou. Eskiz yo
10 se demonstrasyon konpasyon konsènan eksperyans yon
11 lòt moun. Lè li orijinal, li demontre nou ap fè tout
12 sa nou kapab ak imilite tou. Prezante ekskiz ou
13 kapab fè kòlè yon moun ki te kapab kont ou chanje ale
14 kont sitiyoasyon an oswa nan avantaj abitye ak nouvo
15 règleman an.

16 Nan fen konvèsasyon nou yo, toujou sonje
17 pou konkli yon fason ki kòrèk epi ann sekirite. Pou
18 byen konkli, ou dwe rete tèt frèt pandan tout
19 pwosesis la epi toujou sonje lè w trete yon moun ak
20 diyite epi respè se sa ki pi enpòtan. Nenpòt lè ou
21 kapab, ou dwe klè sou règleman an nenpòt lòt etap ou
22 ap gen pou pase. Pa pran reyaksyon moun yo pa rapò
23 ak règleman an ak pwoblèm ki an relasyon ak li yo yon
24 fason ki pèsònèl. Toujou genyen yon langaj kò ki
25 pozitif atravè entèyaksyon an. Sonje, moun kapab wè

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 nou, menm lè nou sispann pale. Epi, sa ki pi enpòtan
3 an, si w santi w pa an sekirite oswa an danje, ou dwe
4 retire tèt ou rapid vit, chèche yon moun pou ede w,
5 epi nan sitiyasyon ki dejenere yo, rele sèvis ijans
6 yo.

7 Men yon rezime kat etap nou yo epi sa nou
8 pale deja yo jiskaprezan. Sonje, si se yon bagay
9 enpòtan, E.P.A.R. -- Examine tèt ou, Prevwa, Angaje,
10 epi Retire tèt ou.

11 Nou ta renmen pataje kèk fraz ak ekspresyon
12 ki itil ou kapab entegre nan objektif pou demontre
13 kèk nan kapasite angajman nou te pale yo. Mwen pral
14 mande Justo ede m ak sa. Kidonk, premyèman, ou kapab
15 demontre ou ap tandè pou konprann.

16 Mesye SANCHEZ: Ta sanble ou pa fin dakò ak
17 chanjman nan règleman yo, sitou paske li diferan ak
18 kijan sa te konn ye anvan. Èske mwen byen konprann?

19 Madam ANOLIK: Apre ou fin resevwa
20 konfimasyon, ou kapab rekonèt santiman ou yo oswa gen
21 konpasyon.

22 Mesye SANCHEZ: Mwen konprann kounyea. Sa
23 se yon chanjman britsoukou pèsòn pat janm te prevwa.
24 Mwen konprann desepsyon ou.

25 Madam ANOLIK: Ou kapab prezante ekskiz ou

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 tou.

3 Mesye SANCHEZ: Wi, mwen dezole paske se
4 yon bagay ki kapab fristre.

5 Madam ANOLIK: Epi, si ou potko fè sa,
6 repete fraz la oswa di l pi klè nan kad pozisyon ou
7 an.

8 Mesye SANCHEZ: Nou gen obligasyon pou fè
9 respekte règleman sa. Malerezman, mwen p ap kapab
10 kite w antre san prèv la. Men, tanpri, ou konnen sa
11 kounyea, pwochèn fwa w ap vini, pote kat vaksinasyon
12 ou an epi nou ap kite w antre.

13 Madam ANOLIK: Epi ofri opsyon lè ou genyen
14 yo.

15 Mesye SANCHEZ: Pou moman an, mwen kapab
16 ofri ou pou w chita deyò an pou w ka manje, oswa ou
17 kapab pètèt verifiye meni pou fè kòmand manje an.

18 Madam ANOLIK: Epi byen konkli.

19 Mesye SANCHEZ: Mèsi paske w fè tout sa ou
20 kapab pou w rete pasyan pandan moman sa. Ou se yon
21 kliyan regilye epi ki gen anpil valè pou nou epi nou
22 pral fè tout sa nou kapab pou fè si ou santi w
23 byenvini pa bò isit la.

24 Madam ANOLIK: Mèsi Justo. Nou ta renmen
25 tou pou antrepriz yo konnen nou te lanse yon pwogram

1 Rezolisyon Konfli Solisyon Manda Vaksinasyon New York

City an

2 sa fè yon lane kote nou ofri sèvis kominikasyon
3 gratis pou antrepriz yo si yo toujou gen konfli ak
4 vwazinay oswa rezidan ki pa antre nan kad vaksinasyon
5 an. Pwogram sa rele MEND NYC -- Rezolisyon Konfli
6 nan Etablisman an ak Vwazinay la (Mediating
7 Establishment and Neighborhood Disputes, MEND). Pa
8 egzanp, si ou ap resevwa anpil plent pou bwi oswa
9 plent sou kalite lavi nan men yon rezidan oswa si ou
10 genyen yon pwoblèm pèmanan ak antrepriz ki nan
11 vwazinay la konsènan espas sou twotwa oswa koze
12 fatra, ou kapab kontakte MEND pandan ou ap swiv lyen
13 ki pi ba yo pou konnen plis.

14 Mèsi pou tan w. Nou swete w bòn chans, epi
15 pran swen tèt ou.

16

17

18

19

20

21

22

23

24

25


Rezolisyon konfli Kle Manda Vaksinasyon New York

City an

SÈTIFIKA PRESIZYON

Mwen, Claudia Marques, sètifye vèsyon alekri seminè anliy sou Rezolisyon Konfli: Solisyon Manda Vaksinasyon New York City Sant Rezolisyon Konfli Kreyatif la te prepare gras ak ekipman transmisyon obligatwa yo epi li se yon rejis orijinal epi presi pwosedi an.

Sètifye nan non



Dat: 24/08/2021

GENEVAWORLDWIDE, INC

256 West 38th Street - 10th Floor

New York, NY 10018